мактаблар тажрибаси таълим тизимидаги фанларни CLIL ёндашуви асосида хорижий тилда ўқитиш самарали натижа берганлигини кузатдик.

Сўнгги йиллар ичида инглиз тилини иккинчи хорижий тил сифатида ўргатиш бўйича катта ютуқларга эришилди. Ўқув дастурларидаги фанларни ўқитиш бўйича кўплаб инновацион технологиялар қўлланила бошланди. Бу эса ўз ўрнида таълим сифати, хусусан, тилларни ўқитиш самарадорлигини оширди. Бизнинг ўрганишларимизга кўра таълимда Фан ва тилни интеграллашган ҳолда ўқитиш ёндашуви асосида дарсларни ташкил этиш ўқувчиларда чет тилида турли мавзуларда эркин танқидий фикр юритиш компетенциясини оширишга хизмат қилади.


**Адабиётлар**

1. De Corte, E. 2000. Marrying theory building and the improvement of school practice: a permanent challenge for instructional psychology. Learning and Instruction, 10, -P. 249-266.

2. Marsh, D. 2002. CLTL / EMILE – the European Dimension: Actions, Trends and Foresights Potential [Electronic resource] / D.Marsh // Brussels: The European Union. -URL: http: //userpage.fu-berlin.de/elc/bulletin/9/en/marsh.html.

3. Rogers, A.1996. Teaching Adults. Blocks to learning. Open University Press. -P. 204-219.

4. Vygotsky, L.1962. Thought and Language. Cambridge, MA, MIT Press. -P. 146-154.

5. Whitty, G. 1996, ‘Professional Competences and Professional Characteristics: The Northern Ireland Approach tot he Reform of Teacher Education’ in D. Hustler and D. Mclntyre (eds) Developing Competent Teachers, London: David Fulton, -P. 86-97.

6. Xoliqov A. 2011. Pedagogik mahorat. –Toshkent: “Iqtisod-moliya”, 15-b.

7. Zazkis R. 2000. Using Code-Switching as a Tool for learning Mathematical Language. -P. 38-43.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада, фан ва тилни интеграллашган ҳолда ўқитиш (кейинги ўринларда CLIL атамаси қўлланилади) дарсларида ҳар бир ўқитувчи дуч келадиган асосий муаммолар ва уларни бартараф қилишда ўқитувчининг маҳоратига эътибор қаратилади.

**РЕЗЮМЕ**

Данная статья рассматривает препятствия, с которыми сталкивается каждый преподаватель, при использовании подхода CLIL в классе, а также компетентность преподавателя преодолевать потенциальные барьеры, которые могут замедлить процесс обучения.

**SUMMARY**

The article focuses on the basic impediments that every teacher faces while using CLIL approach in the classroom and on a teacher’s competence to overcome potential barriers that may linger learning and teaching process.


# БАЛАЛАР ПСИХОЛОГИЯСЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДА ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ АЎЫЗ ЕКИ ДӨРЕТПЕЛЕРИНИҢ ТУТҚАН ОРНЫ


**Л.А.Ибрагимова** - *еркин излениўши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** мактабгача тарбия ёшидаги болалар, болалар психологияси, психологизм, мантиқий ўргатиш, бадиий психологизм, эстетик таъсир, болалар фольклори, эстетик тарбия, психологик ривожлантириш воситаси, фольклор ва тарбия.

**Ключевые слова:** дети дошкольного возраста, психология детей, психологизм, обучение логике, художественная психология, эстетическое влияние, детский фольклор, эстетическое воспитание, средства психологического воспитания, детский фольклор и воспитание.

**Key words:** children of preschool age, psychology of children, psychologion, teaching logics, artistic psychology, aethetik influence, children’s folklore, aesthetic up bringing, the means of psychological development, childre’s folklore and education.


Қарақалпақ халық аўыз-еки дөретпелериниң тәлим-тәрбия жөнелисинде тутқан орны ҳаққында педагогика теориясы ҳәм педагогика тарийхы аспектинде бир қатар арнаўлы изертлеўлерде [1,4,5,6] жүдә қызықлы пикирлер билдирилген. Ҳақыйқатында да, халық аўыз еки дөретпелери жүдә ерте дәўирлерден баслап қәлиплесип, бизиң бүгинги күнимизге шекем өзиниң раўажланыў жолын даўам еттирип киятырған бай мәдений-әдебий ғәзийнемиз саналады. Бул дөретпелердиң киши жанрларынан баслап үлкен көлемдеги дәстанларға шекем халқымыздың мәдений турмысында өзиниң әҳмийетли орнына ийе. Әсиресе, бизиң келешегимиз болған жас әўладты тәрбиялаўда, олардың сана-сезимин, ой-өрисин раўажландырыўда әўызеки әдебий шығармалардың үлкен орын тутатуғынлығы барлығымызға мәлим.

Фольклорлық шығармалар пайда болыў дәўирлеринен баслап балалар психологиясына терең тәсир етип, олардың кәмил инсан дәрежесинде өсип жетилисиўинде әҳмийетли функцияны атқарып келген. Мәселен, бесик жыры, балалар қосықлары, салт-дәстүр қосықлары, нақыл-мақаллар, жаңылтпаш ҳәм жумбақлар балаларды киши жасынан баслап тәрбиялаўда белгили дәрежеде хызмет атқарған. Ал, ертеклер ҳәм дәстанлар тәрбия қуралы сыпатында үлкен жастағы балалар ушын көплеп дөретилген. Бул шығармаларды дөретиўшилер үлкен жастағылар менен бир қатарда балалардың да психологиялық талғамын қабыл етиў, түсиниў ҳәм сезиў мүмкиншиликлерин есапқа алған ҳалда дөреткен ҳәм халық арасында аўыздан-аўызға өтип тарқалған.

Бүгинги биз жасап турған дәўир информация тармақларының раўажланған, балалар санасын ҳәр тәреплеме раўажландырыўда кең мүмкиншиликлер жаратылған дәўир болса да, ата-бабаларымыздан мийрас болып киятырған аўызеки дөретпелер де еле өз қәдирин жойтқан жоқ. Олар мектепке шекемги жастағы балалардың психологиясын раўажландырыў қуралы сыпатында пайдаланылып киятыр. Бул бағдарда көркем шығармалардағы қаҳарман психологиясының, яғный психологизмлердиң тутқан орны айрықша. Себеби, психологизм - көркем шығармаларда қаҳарманлардың ишки руўхый дүньясын, олардың әдеп-икрамлық белгилерин ашып бериўши көркем сүўретлеў қуралы болып табылады [2:170].

Демек, ҳәр қандай көркем шығармада қатнасыўшы қаҳарманлардың әдеп-икрамлық нормаларының жүзеге шығыўы оқыўшыда да белгили бир психологиялық тәсир етиў күшине ийе болады.

Қарақалпақ халқының өткен әсир даўамында дөреткен аўызеки әдебиятының барлық жанрларында халық турмысы өз сәўлелениўин тапқан. Оларда халықтың түпкиликли арзыў-әрманлары көрсетилип ғана қоймастан, бул әрманларға жеткергендей сезимталлы лирика менен ҳәр бир уғымды балаларға қонымлы етип, шебер жеткере билиў ата-ананың балаларға берген ўәсиятнамасы ретинде көринеди.

Балалар фольклоры «Бесик жыры»нан басланады. Оларды аналар атқарғаны менен негизги тәсир күши балалардың санасына бағдарланған. «Бесик жырын»дай нәзик сезимлерге толы қосықларды тыңлап ата-анасына, елине деген сүйиспеншилик, меҳрибанлық сезимлери менен өседи. Демек, баланың психологиясын раўажландырыў оның нәрестелик пайытынан басланады.

Киши жастағы балалар ушын арналған «Балалар қосықлары» болса олардың психологиясына унамлы тәсир етиўши хызмет атқарады. «Түлкишек», «Ҳәкке қайда», «Әўелемен дүўелемен» ҳәм т.б. сыяқлы ойын түриндеги балалар қосықлары тек ғана балалардың ўақытын мазмунлы өткериўде ғана емес, олардың сана-сезимин, көркем сөзге қуштарлығын, шаққанлығын ҳәм өмирге талпыныўшылық қәсийетлерин атқарыўда да күтә әҳмийетли.

Бул қосықларды бүгинги күндеги бала тәрбиясы ислеринде өнимли қолланыў мақсетке муўапық болады. Себеби, балалардың психологиясында миллий мақтаныш сезимлерин қәлиплестириўде, өтмиш әўладларымызды, бай тарийхымызды, мәдениятымызды үйренип өткен жас әўладлар келешекте де өз Ўатанын қәстерлеп, ардақлайтуғын кәмил инсан болып жетилисиўи гүмансыз.

Сондай-ақ, балалар қосықларының және бир нәтийжели тәрепи сонда, бул қосықлардың көпшилиги айтыс формасында, диалогларға қурылған болып, балалардан ҳәрекетшеңликти де талап етеди. Сол ушын да балалар фольклоры жасларды мийнет сүйгишликке, ядлаў қәбилетиниң раўажланыўында да әҳмийетли орны бар. Усыларды есапқа алып мектепке шекемги тәрбия орынларында, баслаўыш класс оқыўшылары сабақлықларына балалар қосықларын енгизиўди әмелге асырыў лазым деп ойлаймыз. Бул нәрсе өз нәўбетинде тез арада өзиниң унамлы нәтийжесин бериўи сөзсиз.

Аўызеки әдебиятымыздың киши жанрларынан саналған нақыл-мақаллар, жаңылтпашлар ҳәм жумбақлардың да балалар турмысында күтә салмақлы орны бар. Себеби, буларда халқымыздың аса даналық пикирлери, сөз ҳәм ой тапқырлығы, терең мазмунға ийе философиялық пикирлери жәмленген.

Нақыл-мақаллар аз сөз бенен үлкен мәнини аңлататуғын, тужырымлы даналық пикирлерге ийе жанр. Нақылларды айтқанда балаларда жақсыны жаманнан, өтирикти ҳақыйқатлықтан, досты душпаннан айыра алыў қәбилетин асырады. Сол арқалы олардың психологиясы да белгили бир бағдарда тәрбияланады. Нақыл-мақалларды балалар тәрбиясында пайдаланыў ушын олардың жас өзгешелиги әҳмийетли емес, олардың ҳәр бирине, қәлеген пайытта белгили бир ҳалатқа байланыслы қоллана бериў мүмкин.

Бул жағынан нақыл-мақаллар жүдә өнимли қолланылатуғын көркем сөз саналады. Және де олар ҳәр қандай дәўир ушын ортақ дөретпе болып, әййемги дәўирлерде де, биз жасап турған заманда да сол түринде түсиник алыў мүмкин. Буннан көринип турғанындай, аўыз еки әдебияттың бул әжайып үлгиси ҳәзирги күнде де балалардың эстетикалық талғамын, руўхый ой-өрисин, дүнья танымын раўажландырыўда бийбаҳа мийрас болып табылады.

Жумбақлар да ертеден киятырған фольклорлық дөретпелер қатарына киреди. «Ол ҳәр қыйлы дәўирлердеги ата-аналардың бала ўақтындағы айтқан ҳәм сол жумбақ айтыў арқалы ҳәр түрли қубылысларға дыққат бөлген. Сырлы уғымлар арқалы балалар турмыс әлемлерин ойлап, пикир жүрите билиўге үйренген» [4:41]. Мәселен, тәбиятқа байланыслы жумбақлар пикирлерде раўажландырыўда жийи қолланылады:

Ақ сандығым ашылды,
Ишинен гүмис шашылды. (Қуяш)
Жабықта жарты нан (Ай) [3:18]

Ертеклер дүнья жүзи халықлары арасында көп әсирлерден берли пайда болып киятырған көркем шығарма. Қарақалпақ халық аўызеки дөретпелери арасында ертеклер де өзиниң қызықлы сюжети, образлылығы менен ажыралып туратуғын өзегеше бир жанр. Ертеклерде халықтың әрман еткен қыялый арзыў-үмитлери тийкарғы мазмунды қурайды. Оларда халық өзлериниң сүйикли қаҳарманларын дөреткен. Бул қаҳарманлар халық тилегин әмелге асырыўда ҳеш нәрседен қайтпайтуғын мәрт, ер жүрекли батырлар сыпатында сәўлеленген. Ертеклер шығысы ҳәм мазмуны жағынан қыялый ҳәдийселер ҳаққында ертек, турмыслық ертеклер ҳәм ҳайўанатлар ҳаққында ертеклер болып бөлинеди.

Әжайып (қыялый) ҳәдийселер ҳаққында ертеклерде ақылға уғрас келмейтуғын элементлер, образлар жүдә жийе қолланылады. Мәселен, ушар гилемлер, дәрилик қәсийетке ийе алмалар, жети қабат жер астындағы жоллар, дүньяның қәлеген жерин көрип отыратуғын шарайналар, ямаса жайтаслар. Булардың бәри бир тәрептен қыялый нәрселер болса, екинши тәрептен халық әрман еткен бул предметлердиң ҳәзирги күнде самолёт, дәрилер, метро ҳәм телевизор, компьютер, қолтелефон түринде иске асқанлығын көремиз.

Ертеклердеги бул өзгешеликлер балалар психологиясында келешекке үмит пенен қараў, жақсы идеяларды ойлап табыў ҳәм оларды әмелге асырыў сыяқлы унамлы характердеги қәсийетлерди оятады. «Абат батыр», «Егиз бала», «Қәпестеги қусты тапқан бала» сыяқлы ертеклерде болса балаларда дослық, меҳирмүриўбет сыяқлы сезимлерди оятады.

Турмыс ертеклериндеги қаҳарманлардың тапқырлығы, сөзге шешенлиги, ҳәр қандай аўыр жағдайлардан шеберлик пенен жол таба билиўге де балаларда усы қәсийетлердиң раўажланыўына түртки жасайды. Олардың келешек жолын бағдарлай алыўына да себепши болады. Мәселен, «Шешен бала» ертегиндеги Жалғызбай, «Еки дос»тағы Есжан менен Досжан образларында, мине, усы қәсийетлерди ушыратыў мүмкин.

Ҳайўанатлар ҳаққында ертеклерди ертеклердиң ең қызықлы түри екенлигин көпшилик илимпазлар мақуллайды. Бунда, әсиресе, ҳайўанатлар ҳаққындағы ертеклердиң балалар психологиясына тез тәсир ете алыўшылық қәсийети нәзерде тутылады. Себеби, ҳәр қандай жастағы балаларда ҳайўанатлар ҳәм қуслар әлемине қызығыўшылық қәсийетлери тән. Сол ушын да ертеклерде ҳайўанат ҳәм қуслардың адамлар тақылетинде сөйлеўи, ҳәрекет етиўи балалардың дыққатын өзине тартады. Тәбияттың усындай тиришилик ағзалары қатнасында балалардың дүнья қубылысларын үйрениў, олардың сырлы тәреплерин аша билиў қәбилетин раўажландырады. Және де бул ертеклер арқалы балалар психологиясында тәбиятты сүйиў, қоршаған орталықтың бир пүтинлигин сақлаў, ондағы тири организмлерди қорғаў сыяқлы инсаный туйғылар пайда болады. Қарақалпақ халық ертеклери арасында «Аш қасқыр», «Арыслан ҳәм қоян», «Мақтаншақ тышқан», «Түлки, тасбақа ҳәм таскене» ҳәм т.б. ертеклердиң сюжети ҳәм мазмуны балаларда жоқарыдағыдай унамлы тәсирлерди оятады.

Ертеклер сыяқлы халық аўызеки дөретпелеринен саналған аңызлар, тымсал әңгимелер ҳәм күлдирги әңгимелердиң де (анекдотлардың да) балалар психологиясын раўажландырыўда айрықша әҳмийети бар. Оларда да халық турмысының жанлы көринислери өз сәўлелениўин тапқан. Халқымыздың аты белгили уллы инсанлары Айдос бий, Маман бий, Ерназар алакөз, Турым бий ҳәм т.б. сыяқлы ел перзентлери ҳаққындағы аңызлар арқалы балаларда миллий мақтаныш сезимлери, Өмирбек лаққының күлкили сөзлери арқалы өмир гөззаллығын жан сезими менен уғыныўы да балалардың психологиялық жақтан хош кеўилли, руўхый жетик инсан болып камал табыўына тәсир жасайды.

Аўызеки әдебияттың биз жоқарыда айтып өткен барлық түрлери күтә ерте дәўирлерден берли раўажланып келмекте. Халқымыз өтмишиниң ҳәр бир дәўиринде олар жас әўладларды тәрбиялаўда нәтийжели пайдаланылған.

Бүгинги күнде балаларды педагогикалық ҳәм психологиялық жақтан тәрбиялаўда да бул дөретпелерден

кең түрде пайдаланыў лазым. Себеби, ҳәзирги ўақытларда психологиялық жақтан раўажланыў пайытында балаларға ертеден киятырған бай әдебий мийрасларымызды жаңаша тәризде үйретиўди қолға алып, олардың бос ўақытларында, сабақ пайытларында миллий қәдириятларға деген сүйиспеншилигин сиңдирип барыў-бизиң баслы ўазыйпамыз. Буның ушын балаларға арналған аўызеки дөретпелерди ҳәр қыйлы реңли, сүўретли китапшалар түринде баспадан шығарыў ислери әмелге асырылса, сондай-ақ ҳәрекетли қосық түриндеги балалар фольклоры мектепке шекемги тәрбия орынларында үйретилип барылса, мақсетке муўапық болар еди. Бул жағдай, өз гезегинде, балалар психологиясының ҳәр тәреплеме өсип раўажланыўына, олардың көркем-эстетикалық талғамының өсиўине ҳәм гөззаллыққа қуштар болып өсиўине сөзсиз өз тәсирин тийгизеди. Жәнe де мектепке шекемги жастағы балалар ушын да ертеклер, аңызлар қаҳарманлары ҳаққында материаллар, видеофильмлер, видеороликлер, электрон қолланбалар ислеп шығылса, бул олардың оқып ҳәм еситип алғанларына қосымша көргизбели болып пайдалы тәреплерин келтирип шығарады.

**Әдебиятлар**

1. Алымов Ә. Қарақалпақ халық жумбақлары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.

2. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. -Нөкис: «Билим», 1994.

3. Жумбақлар. Баспаға таярлағанлар: Аббазов С., Алымов Ә.-Нөкис: ҚҚМБ, 1963.

4. Қурбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты. -Нөкис: «Билим», 1992.

5. Сапарбаев Т. Нравственное воспитание младших школьников средствами устного народного творчество. АД на соиск. уч.ст. к.п.н. -Ташкент: 1998.

6. Тлегенов А. Воспитание у подростков духовно-нравственных ценностей средствами народных дастанов. АД на соиск.уч. ст. к.п.н. -Ташкент: 1998.

**РЕЗЮМЕ**

Мақола педагогика назарияси ва педагогика тарихи аспектида педагогика фанининг аҳамиятли масалаларига бағишланган бўлиб, унда мактабгача тарбия ёшидаги болалар психологиясининг ривожланишида қорақалпоқ халқ оъзаки ижоди намуналари ҳисобланган болалар қўшиклари, эртаклари, топишмоқ, тез айтишлари ва нақл-мақолларининг тутган ўрни кенг планда очиб кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена роли и места детских стихотворений сказок, загадок, скороговорок, поговорок и пословиц как пример каракалпакской устно-народной литературы в психологии детей дошкольного возраста. Проблема анализирована, как одна из актуальных вопросов в аспектах теории и истории педагогики.

**SUMMARY**

In the article it is broadly revealed the place and importance of children's rhymes, fairy-tales, riddles, patters sayings and proverbs samples of Karakalpak folklore in the development of the children's psychology. The issue is thoroughly analyzed in the aspects of the history and theory of pedagogics af one of the important problems of pedagogics.

## MATEMATIKA BOYÍNSHA AUDITORIYALÍQ SABAQLARDA TALABALARDÍŃ ÓZ BETINSHE JUMÍSLARÍN SHÓLKEMLESTIRIW

**A.Jańabergenova** – *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** mustaqil ish, masalalar, dars, dars turlari, matematika, auditoriya, kasbiy kompetensiya.

**Ключевые слова:** самостоятельная работа, задачи, урок, виды уроков, математика, аудитория, профессиональная компетенция.

**Key words:** independent work, tasks, lesson, types of lesson, Mathematics, auditorium, professional competency.

Házirgi waqıtta joqarı oqıw orınları aldına tereń, oylaytuǵın, udayı ózgerip turatuǵın ekonomikalıq hám texnologiyalıq sharayatlarda óz betinshe hám tez baǵdar alatuǵın qánigelerdi tayarlaw máselesi qoyılǵan. Bul talabalardan shaxstıń sheshimdi qabıllawdaǵı ózbetinshelik, máselelerdi sheshiwdegi iskerlik hám standart emeslik sıyaqlı qásiyetlerin, sonıń menen birge olardıń dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwdı talap etedi. Áne usınday qánigeler qayta oqıwǵa, kásiplik bilimlerin óz betinshe jetilistiriwge tayar hám uqıplı. Olar mudamı artıp baratırǵan informaciyalar aǵımın dóretiwshilik qayta islewge hám onnan ámeliyatta kompetentli paydalanıwǵa tayar. Bul máseleni sheshiw fizika- matematikalıq tálim dárejesin arttırıw menen tikkeley baylanısqan bolıp, buǵan jańa tálim baǵdarlamaları (bakalavrlıq hám magistrlik) járdem beredi [1].

XX ásirdiń ekinshi yarımında Evropa universitetlerinde qánigeler ushın talaplarǵa ulıwma koncepciya islep shıǵıw háreketleri baslandı. Nátiyjede, 2005-jılı «Dublin deskriptorları»- hár bir Evropa mámleketiniń zamanagóy baǵdarlamasınıń tiykarı bolǵan kompetenciyalar dizimi jazıldı. Bul dizimnen búgingi kúnde júdá kóp dúnya mámleketleri paydalanadı. Sonlıqtan joqarı oqıw orınınıń bakalarlıq hám magistrlik baǵdarlamaların joybarlastırǵanda qánigeniń kompetenciyasına baǵdarlama boyınsha oqıtıw nátiyjesi sıpatında maksimal baǵdar alıw talap qılınatuǵın zamanagóy kompetentlik usıl qollanıladı.

Qánigelerdi tayarlaw ushın bakalavriat hám magistraturanıń baǵdarlamaların islep shıǵıw zamanagóy ilimiy-bilim beriw resurslarına, sonıń ishinde ilimiy izertlewler tarawındaǵı jańa jetiskenliklerge hám sáykes baǵdarlar boyınsha islep shıǵılǵan kórsetpelerge, tálim baǵdarlamaların joybarlastırıwdıń aldıńǵı metodikalarǵa, oqıw procesin shólkemlestiriwdiń innovaciyalıq texnologiyalarına hám effektiv usıllarına tiykarlanıwı kerek.

Joqarı matematika dástúr boyınsha hár bir joqarı oqıw orınınıń tiykarǵı pánleriniń biri bolıp keldi. Bul matematikanıń qánigelik pánlerin ózlestiriw ushın tiykar bolatuǵın fizika, ximiya hám basqa tábiyiy pánlerdiń apparatı bolıwdan ibarat ayrıqsha roli menen baylanısqan. Solay etip, matematika hám tábiyiy pánler boyınsha bakalavriat kóleminde erisiletuǵın bilimler dárejesi magistrlerdi tayarlaw sıpatına áhmiyetli tásirin tiygizedi [1].

Joqarı oqıw orınlarınıń tájiriybesiniń kórsetiwinshe mektep oqıwshıları joqarı oqıw orınınıń matematika kursın tereń ózlestiriw ushın jeterli ulıwma oqıw uqıplılıqlarına iye emes.

Keyingi waqıtları auditoriyalıq sabaqlardıń sanı ózbetinshe jumıs paydasına azayıw tendenciyası bayqalıp atırǵanı sebepli mınaday soraw tuwadı: texnikalıq joqarı oqıw orınlarınıń studentlerine matematikanı oqıtıwdı qalay jaqsı shólkemlestiriw múmkin? Biziń elimiz táliminiń dúniya júzlik tálim keńisligine integraciya procesi de talabalardıń ózbetinshe jumısınıń roliniń bunnan bılay da artıp barıwına alıp keledi. Sonlıqtan zamanagóy